УДК: 631.674.1

# ЖЕРГИЛИКЛИ ЖҮЎЕРИ СОРТЛАРЫНЫҢ СУЎҒАРЫЎ УСЫЛЛАРЫНЫҢ ЗҮРӘӘТЛИГИНЕ ТӘСИРИ

**Исмайлов Узакбай Ембергенович,**
Қишлоқ хўжалиги фанлари доктори., профессор
Тел: +998913744665
e-mail: ismaylov51@gmail.com
**Зинатдинов Камалатдийин Мнажатдин улы,**
Аўыл хожалығы илимлери философия докторы,
Тел: +998913035359
e-mail: kamalatdiyinzinatdinov@gmail.com
**Карлыбаев Жамшид Рафаел улы,**
1-курс “Органикалық дийханшылық ҳәм азық-аўқат қәўипсизлиги” қәнийгелиги магистранты,
Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты

**https://doi.org/10.5281/zenodo.19458066**

**Аннотация.** Мақалада Нөкис районында тәжирийбе басқада жоқары өним жетистирип беретуғин тұқымлық дән нәллерин жаратыў барысында мәмлекетимиз алымлары тәрепинен бир қатар илимий жумыслар жүўериниң вегетатция дәўиринде берилетуғын суўларды қала берсе бул жаңа нәллерди көбейттириў таңлаў әмелге асырылып суўларды тежеў ҳәм сынаў бизиң республикамызда хәр бир областларда әмелге асырылғанлығы айтып өтилген.

**Гилт сөзлер.** Шорланған жерлер, мелиорация, жуўери, зурәәтлилик.

**Аннотация.** В статье описывается эксперимент в Нукусском районе по созданию высокоурожайных семенных зерновых саженцев. Ученые нашей страны провели ряд научных исследований по созданию семенных зерновых саженцев.

**Ключевые слова.** Засоленные земли, мелиорация, кукуруза, плодородие.

**Annotation**. The article notes that in Nukus district, scientists of our country have conducted a series of scientific studies on the creation of high-yielding seed grain seedlings. In addition to the water supplied during the growing season of corn, these new seedlings have been selected, and water conservation and testing have been carried out in every region of our republic.

**Key words.** Saline lands, land reclamation, corn, fertility.

**Кирисиў** Халық хожалығының ғәллеге деген талабын қанатландыра алмайды екенбиз економикалық ғәрезсизлик ҳаққында сөз артықша деген еди Өзбекстан Республикасы Президенти. Мәмлекетимиз ҳүкиметимиздиң турақлы ғамхорлық етиўине байланыслы жоқары сапалы, өнимли, тез писер интенсив ғәлле ушын егилетуғын сортлары тұқымлары шет мәмлекетлерден келтирилип суўғарылатуғын егин майданы 1310 мың гектарға, ығаллы майданлар менен болса жәми дән егинлериниң майданлары 1,5 млн гектарға жетеди.

Суўғарылатуғын майданларда жүўери дән егинлерин жетистириў технологиясын илимий тийкарда үйрениў бүгинги күнниң талабы. Узақ ўақыт даўамында республикамызда аўыл хожалық дән егинлери үлкен майданларға егилмегенлиги себепли

бүгинги күн ҳәр бир дийқан ҳәм фермер хожалықларында дәнли егинлерден дүня жүзине қарағанда кем өним алынбақта.

Республикада кейинги жылларда аўыл хожалығында қысқа алмаслап егиў ҳәм нәўбетлеп егиў дизиминде жерден жыл даўамында үзликсиз пайдаланыў нәтийжесинде топырақтың суў ҳәм дуз тәртибинде өзине тән өзгерислер гүзетилмекте. Суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив аўҳалын жақсылаў шор жуўыў технологияларын жақсылаў ҳәм бар суўларды тежеўде жаңа техналогялардан пайдаланыў ҳәм топырақты қайта шорланыўына қарсы гүресиў илажларына айрықша итибар қаратыў талап етилмекте, аўыл хожалық жерлеринде шорланыўдың күтиў ақыбетлерин кемейттириў мақсетинде бирқанша илим-изертлеў жумысларын талап етпекте. "Жерлердиң мелиоратив аҳўалын жақсылаў топырақ өнимдарлығын асырыў ҳәм аўыл хожалығы ислеп шиғариў тараўин интенсив усилларин йен тийкарғиси суў ресурсларин тежеўши заманагөй агротехнологиялар қоллаў" күшли ўазийпалардан бири етип белгиленген солардан келип шиққан ҳалда, республикамизда шорланған жерлерди мелиоратив аўҳалын жақсылаў ттопырақ өнимдарлығын асырыў шор жуўыўда суў ҳәм ресрус тежеўши технологияларды ислеп шығыў бойынша излениўлер зәрүр болып есапланады.

**Материаллар ҳәм усыллар:** Изертлеў барысында изертленип атырған атызлардың топырақлары лаборатория жағдайында алып барылып, бунда "Методика Государственного сортослтная сельскохозяйственных культур" (1964.М.Колос), "Методика проведений опытов с хлопчатника" (1983, Ташкент), "Методика агрохимических анализов почв и растений" (1973, Ташкент), "Атыз тәжирийбесин өткериў усыллары" (2007, УзПЫТЫ Ташкент) қолланбалар алып барылады.

**Нәтийжелер ҳәм мунозара.** Жүўери шиңгиригинен жоқары өним алыў ушын жүўерини бастырып 1-2-0 схемасында гектарына 3200 $м^3$ суў бергенде Изертлеўдиң өсип раўажланыўы активлесип вегетатция дәўири 7-8 күнге арқаға созылып жүўери дәниниң толық писиўи төменлеп жуўери көк массасы жақсы раўажланады. Нәтийжеде гектарына 520 тс көк масса жетистирип қосымша 30,0-33,4 тс көк масса алыўға болатуғынлығы мәлим болды.

Изертлеўдиң ҳәр қыйлы усылларда суўғарған вариантларда економикалық нәтийжелигин көргенимизде бастырып суўғарған 1-вариантта жетистирилген өнимниң өзине түсер баҳасы 18172000 сўм болған болса жүўери дәнинен 1-вариантта рентабеллик дәрежелери 32,4-38,0% аралығында дәнинен болған болса ал көк массасынан рентабеллик 32,0-41,2% болып ең нәтийжели вариант қарықларды қарама қарсы бағытта суўғарған вариантта болды.

**Жуўмақ.** Жуўериниң районласқан сортларынан топырағының шорланыўы суўғарыў усылларының өзгериўи менен өзгерип баратуғынлығы мәлим болып топырақтың дуз режими ҳәм жоқары өним алыў ушын Жуўериниң суўғарыў режим топланыўы тәжирийбе вариантларында топырақта дузлардың топланыўы интенсивлиги топырақтың сүрим қатламында суўғарыўда қолайлы шараят болған жағдайда мелиоратив аўҳалы жақсыланып суўғарыўды қарықлап суўғарған вариантта жақсы болып вегетатция ақырына келип плёнка төсеп суўғарған вариантларда вегетация ақырына келип қарықларда қарама қарсы бағитта қысқа аралатып суўғарыў вариантларда дуздың топланыўы коеффитсенти хлор-ионы

бойынша 1,26-1,48 қурғақ қалдық бойынша 1,25-1,37% ти қурады. Топырақтың шорланыўы вегетация ақырына келип суўғарыў усылларына байланыслы болатуғынлығы мәлим болды.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1 Исаев С., Намозов Х., Хожасов А., Генжемуратов С., Генжемуратов А. Қишлоқ хўжалик екинларини парваришлаш технолоиялари. Тошкент.

2. Салоҳиддинов А., Шукурллаев Х., Кучкаров Ш., Сангиров Р., Мирзаев С., Фатхуллаев А., Султанов Т., Назаралиев Д. сув ресурсларини ҳисобга олиш бошқариш ва улардан оқилана фойдаланиш. Тошкент. 2014.